ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ХАЛҚ ТАЪЛИМИ ВАЗИРЛИГИ

Нөкис қ. А.Досназаров к. 62 уй, тел: 8 (361) 222 95 20 , факс: 222 95 20,
**web-site:** http://kkedu.uz, **e-mail:** qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«20» апрель 2021-жыл 02-02/05-2022 санлы

**Барлық районлық, қалалық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына ҳәм де Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына**

Өзбекстан Республикасы Бас министри Абдулла Арипов басшылығында 2021-жыл 17 апрель күни Өзбекстан Республикасына короновирус инфекциясының кирип келиўи ҳәм тарқалыўының алдын алыў бойынша ис-иләжлар бағдарламасын таярлаў бойынша республика арнаўлы комиссиясының кеңейтилген мәжилиси болып өтти. Мәжилисте короновирус инфекциясының тарқалыўының алдын алыў бойынша усы жылдың 18-апрель сәнесинен баслап, бир қатар иләжларды әмелге асырыў бойынша қатаң тапсырмалар берди.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Сизден билимлендириў мәкемелерди зәрерсизлендириўши ерітпелерден пайдаланған ҳалда тазалаў, ҳәр бир класста зыянсызландырыўшы антисептик қуралларынан пайдаланыўды, оқыўшылардың 100% медициналық нықапларда ҳәм де 2 метр аралықты сақлаўды, оқытыўшы ҳәм басқа хызметкерлердиң турақлы түрде медициналық нықап (респиратор) тағып жүриўди, ҳәр күни мектептиң кирер аўызында нәўбетши арнаўлы кийим менен оқыўшылар ҳәм хызметкерлерди температура өлшеўши (пирометр) аппарат пенен өлшеўди (журналға дизимге алыўды), егерде оқыўшыда яки ислеўши хызметкерлерде температурасы 37° жоқары болса, жақын жердеги медицина пунктлерге хабардар етиўди, карантин ўақтында мектеплерде шыпакер ҳәм мийирбекелер толық жумыста болыўын, медицина ханаларында дәри-дәрманлар менен тәмийинлеўди, асханалардың санитариялық-гигиеналық қағыйдаларына толық әмел етиўди ҳәм де оқыўшылардың өмири ҳәм ден-саўлығына зыян келтириўши азық-аўқат өнимлериниң сатылыўы жағдайларының алдын алыўды, кеселлик анықланған күннен баслап **еки ҳәптеге** онлайн тәризде оқыўын даўам еттириў иләжларын көриўиңизди сорайман.

Егерде карантин қағыйдаларына әмел етилмеген жағдайлар анықланса, тийисли тәртипте шара көрилетуғынлығын мәлим етип билдиремиз.

**Министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а** **Қ.Бекбаулиев**

Орынлаўшы: И.Тлеўмуратов
Тел: : 8361 222 24 62